

Inisyativ Lekòl ak Kominote ki Aksepte Tout Moun (School, Community, Inclusion- Friendly Initiative, SCI-FI)



**FAMILY NETWORK
ON DISABILITIES**



FAMILY NETWORK ON DISABILITIES
2196 Main St., Suite K, Dunedin, FL 34698
(727) 523-1130/(800) 825-5736
Faks: (727) 523-8687
Imèl: fnd@fndusa.org
www.fndusa.org

“Lite pou moun ak andikap yo patisipe menm
jan ak tout moun nan yon sosyete san baryè.”

Fason pou Kreye yon Kominote ki Renmen Lafanmi

“Kominote ki Renmen Lafanmi” se yon fraz kat (4) mo nou tout konnen epi nou renmen tou. Si yo te ekri yo sou yon bilten vòt, prèske tout moun t ap vote pou li. Kijan pou nou kreye kominote ki renmen lafanmi, epi ki kote pou nou kòmanse? An nou kòmanse ak yon definisyon klè. “Kominote ki Renmen Lafanmi” yo se gwoup moun ki gen ladan fanmi, pwofesyonèl, dirijan, benevòl, ak senp sitwayen ki kwè nan yon kominote ki aksepte moun ki soti nan diferan kilti ak moun ki andikape, entegre ak divèsite, epi kreye yon fason ki kote yo te panse ak bezwen tout moun ki rete nan kominote a, ansanm ak nenpòt ki moun ki vizite. Ebyen, kijan pou nou fè pou nou vin yon kominote konsa?

Premyèman, nou kòmanse ak konsyantizasyon kominote a. Èske nou konnen kimoun ki nan kominote nou an? Èske nou konnen vwazen nou yo? Èske nou rankontre avèk yo pandan ane a pou diskite sou sekirite, pwòpte, oswa amelyorasyon ki nesesè pou kominote a? Nan katye nou an, kijan klima a ye nan lekòl nou yo? Èske lekòl yo gen yon bon repitasyon pou siksè elèv ak angajman fanmi? Èske nou kore kore makèt, ajans ak lòt biznis nan katye nou an? Èske yo trete moun byen? Èske nou konnen dirijan eli nou yo (Majistra, Lejislatè Eta a, manm Kongrè a, Senatè, elatriye)? Gen anpil bagay ki fè yon kominote youn ki renmen lafanmi. Si ou vle kreye yon kominote ki renmen lafanmi, mwen kijan pou ou kòmanse

Idantifye fanmi yo ki nan vwazinay ou a

- Manman ak Papa Selibatè yo
- Fanmi Diferan Kilti yo
- Fanmi moun ak timoun ak andikap yo
- Moun k ap Defann Dwa yo
- Moun Aje yo
- Tout moun nan kominote ou a

Idantifye biznis, ajans, kote ki ofri sèvis, ak òganizasyon nan vwazinay ou a:

- Mache, magazen, ak boutik yo
- Gwoup sipò yo
- Legliz yo
- Lopital yo
- Lekòl yo
- Sant rekreyasyon yo
- Biwo gouvènman, ajans, òganizasyon charite, elatriye

Kominote ki renmen lafanmi yo gen moun ki konsidere bezwen fanmi yo, rezidan yo, ak pwoblèm yo ki bezwen atansyon yo. Pwoblèm ki bezwen atansyon yo ta dwe:

- **Aksèsibilite**—Èske tout moun nan kominote ou a gen menm aksè nan pak, lekòl, biznis yo? Èske moun diferan demografik nan kominote ou a fè pati tout aktivite yo? Kisa kominote ou a ap fè pou garanti tout lokal, tankou pak ak sant rekreyasyon, lekòl ak biznis yo difisil pou moun antre nan yo? Èske yo fè yon jan pou tout moun jwenn aksè nan tout pwogram yo ak pou yo gen menm opòtinite pou patisipe nan aktivite yo?

- **Edikasyon** – Èske lekòl yo gen yon relasyon ak tout manm kominote a? Èske yo asosye avèk biznis yo? Èske tout fanmi yo byen konekte ak lekòl pitit yo? Èske yo asire gen ase gadri avan ak apre lekòl? Èske kominote ou gen pwogram ak sèvis pou timoun piti pou timoun ki gen difikilte pou aprann yo?

Fason pou Kreye yon Kominote ki Renmen Lafanmi (kontinyasyon)

- **Transpò ak Mobilite** – Èske gen twotwa ak liy pou bisiklèt? Èske gen pakin ki aksesib ak ranp nan tout kote? Èske gen yon pwogram moun mache lekòl ki disponib? Èske gen pwogram woulib ak transpò aksesib?

- **Sekirite ak Devlopman** – Èske nou gen pwogram “Siveyans Krim” nan katye a? Èske nou diskite mezi pou kalme trafik pou katye ki gen timoun piti, oswa timoun ak moun ak andikap yo (moun ki gen pwoblèm pou tade oswa wè yo)? Èske kominote ou te panse sou gid ekleraj ki abòde oswa ankouraje sekirite nan katye w la?

Konsèy ak lide sa yo se sèlman premye etap yo pou pran pou kreye yon kominote ki renmen lafanmi. Ka gen pwoblèm ki bezwen finansman ak komite kowòdinasyon ki ka rankontre regilyèman pou abòde pwoblèm sa yo. Lè nou kreye yon kominote ki renmen lafanmi sa kapab sèlman gen yon enpak pozitif sou tout katye a. Lè nou kreye yon kominote ki renmen lafanmi sa a ede diminye krim, chomaj, pòvrete, kantite timoun ki kite lekòl avan lè, epi tout moun nan kominote a jwenn!



Langaj Premye Pèsòn

Langaj Premye Pèsòn: Respè kòmanse ak konsyans ak sansiblite.

Langaj Premye Pèsòn se yon fason ki montre respè epi ki apwopriye pou pale sou moun ak andikap. Depi egzistans lèzòm, nou te itilize mo pou dekri moun pou plizyè rezon tankou pou idantifye yon moun, pou dekri karaktè yon moun, ak pou ensilte yon moun. Souvan anpil moun idantifye ras, relijyon, gwoup etnik, oswa andikap yon moun. Men, li pa apwopriye pou fè referans ak yon moun sèlman ak ras, relijyon, gwoup etnik, oswa andikap li. Si nou pa konsyan ak langaj nou chwazi pou dekri yon lòt moun an piblik, nou ka ofanse yon moun. Pa egzanp, lè ou di yon moun “andikape” oswa “kokobe”, sa ka fè li mal anpil. Èske w janm tande yon moun di, “Li kloure sou yon chèz woulant?” Sa mete aksan sou enkapasite oswa lit moun nan, tan pou li konsantre sou moun nan li menm. Mo “andikape” a pa pozitif, paske li vle di moun nan pa kapab. Sa a se yon mo jeneral yo ka itilize pou di yon moun pa ka travay, li, ekri, pale, oswa viv yon fason otonòm. E si yon moun ka fè tout bagay sa yo? Lè ou di yon moun se “yon moun ak yon andikap”, sa montre ou respekte li, ou aksepte li, epi se yon langaj ki apwopriye pou itilize.

Nan kòmansman ane 1900 yo, pwofesyonèl nan domèn medikal la te konn itilize mo tankou egare, kreten, ak enbesil kòm klasifikasyon medikal pou dekri nivo entèlijans moun ak andikap devlopmanal. Yo te kontinye itilize sistèm klasifikasyon sa a jiska kòmansman ane 1970 yo. Apre yon ti tan, moun k ap defann dwa yo, paran yo, ak pwofesyonèl yo te ede chanje mantalite sosyete lè yo te defann dwa moun ak andikap yo pou yo respekte yo lè yo te montre nou moun sa yo gen menm valè ak tout moun epi yo dwe trete yo tankou egalego nan sosyete nou an.

Langaj Premye Pèsòn (kontinyasyon)

Langaj Premye Pèsòn mete moun nan devan andikap li a. Anpil moun ak andikap gendwa pa vle yo idantifye ak yon etikèt oswa ak andikap li a. Yo vle pou yo aksepte yo ak konnen yo pou moun yo ye a. Yon andikap se yon kondisyon medikal, se pa yon karakteristik pèsonalite yon moun. Lè nou idantifye yon mou selon andikap oswa dyagnostik li, nou bese valè li kòm yon moun. Kisa ki sonnen pi byen? “Frè m nan se yon tigason Sendwòm Down ki pa fonksyone menm,” oswa “Frè mwen an gen Sendwòm Down epi li gen anpil difikilte.” Non sèlman dezyèm fraz la sonnen pi byen, li dekri yon vrè moun andikap li pa defini li.

Lè nou itilize Langaj Premye Pèsòn, sa se premye pa pou nou pran pou konprann respè kòmanse ak mo nou chwazi yo. Nou tout ka amelyore fason nou chwazi kominike lè nou chanje kèk bagay. Pa egzanp, gem moun ki te konn itilize ekspresyon ki pa apwopriye sa yo: “Sa a se yon timoun edikasyon espesyal,” “Pitit gason mwen an pa pale,” ak “Sèvis ak espas pakin pou andikape a.” Men kijan fraz sa yo t ap apwopriye: “Pitit sa a gen yon andikap pou aprann,” “Pitit gason mwen an itilize jès epi li lonje dwèt li pou li pale,” oswa “Sèvi ak espas pakin aksesib la.” Remake chanjman nan langaj ki itilize pou dekri moun ak sitiyasyon nan kominote andikap la. Dezyèm gwoup fraz yo montre ou gen respè pou moun nan epi yo apwopriye pou itilize ak montre ou gen sansibilite pou moun ak andikap.

Nou bezwen fè atansyon ak metafò nou itilize yo tou. Pa egzanp, si w ap bay blag epi ou di ou “avèg pase yon koukouy,” li gendwa pa vle di anyen pou ou, men yon moun ki gen pwoblèm pou wè kapab pa twouve sa komik.

Men yon ti tablo referans kout ak langaj ki montre respè epi ki akseptab.

Langaj ki pa apwopriye epi ki fè moun mal	Langaj ki montre respè epi ki apwopriye
Li otis, oswa li se yon je chire, oswa timoun Sendwòm Down. Epileptik.	Li gen otis. Li gen Sendwòm Down Moun ak epilepsi.
Li enfim oswa andikape.	Li gen yon andikap. Yon moun ak yon andikap.
Li se yon moun fou, tèt cho, manyak.	Li se yon moun ak yon andikap sante mantal.
Èske gen yon moun k ap itilize basen pou andikape a?	Èske gen yon moun k ap itilize basen aksesib la?
Moun sa a gen yon reta mantal, li entatad, oswa li se yon moun espesyal.	Moun sa a gen yon andikap entelektyèl, kognitif, oswa devlopmanmantal.
Pitit gason mwen an pa pale.	Pitit gason mwen an kominike ak foto.
Mande madanm chèz woulant la kote li ye.	Mande madanm k ap itilize chèz woulant la kote li ye.
Mwen se yon moun nòmal oswa an sante.	Mwen se yon moun san yon andikap.
Sa a se yon timoun Edikasyon Espesyal.	Sa a se yon elèv ak yon andikap ou aprann.

Li kapab pran yon ti tan pou pratike, men si ou fè detwa ti chanjman nan fason ou kominike sou moun ak andikap la ak fason ou pale ak yo, sa kapab kore ak ede nan devlopman yon sosyete ki aksepte tout moun kèlkeswa sèks, ras, relijyon, gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, ak kapasite yo.

Prevansyon Tizonnay

Nou tout te di tèt nou: “Tout timoun se menm epi yo dwe aprann fason pou rezoud pwòp pwoblèm yo.” Pou anpil sitiyasyon, se vre. Sepandan, tizonnaj se yon gwo pwoblèm toupatou nan peyi nou an. Èske w te konnen yo tizonnen youn (1) sou chak kat (4) timoun chak jou? Jodi a nan lekòl, y ap tizonnen 77% nan elèv yo sikolojikman, fizikman, ak vèbalman. Paske nou itilize teknoloji plis kounye a, li vin pi fasil pou timoun yo tonbe viktim “tizonnay sou entènèt.” Kijan w ap fè konnen si se jwe timoun yo ap jwe oswa si y ap tizonnen yon lòt. Repons la: sa pa fè anyen. Nenpòt lè yon timoun santi y ap pase li nan tenten, y ap imilye li, oswa bese li, sa pa akseptab. Kilè ou ta dwe antre nan bagay la? Nenpòt ou wè y ap maltrete yon timoun, trete li yon fason enjis, oswa agrese li, ou dwe antre nan bagay la. Se pa sèl timoun ki tizonnen moun.

Gen granmoun ki tizonnen lòt granmoun ak timoun tou. Si ou ta wè nenpòt kalite tizonnay, ou dwe di yon moun nan direksyon lekòl ou a sa. Ou ta dwe familiarize tèt ou ak règ lekòl pitit ou a sou tizonnay, epi pran mezi ki nesèsè pou pote plent pou konpòtman an epi fè swivi pou nenpòt aksyon yo te fè. Li enpòtan pou ou aji pou evite tizonnay. Timoun ak andikap yo gen plis risk pou yo tizonnen yo epi pafwa moun k ap tizonnen yo renmen sa. Timoun y ap tizonnen gen plis chans pou yo pa travay byen lekòl. Epi tou yo gen plis risk pou yo nan goumen, pran dwòg oswa alkòl, oswa kite lekòl segondè avan yo diplome. Etid yo montre timoun ki tizonnen lòt moun anpil gen anpil chans pou yo kontinye fè sa lè yo granmoun. Gen anpil moun ki renmen tizonnen moun ki te gen omwen yon kondanasyon kriminèl avan yo te gen 24 tran, epi 40% te gen twa oswa plis arestasyon avan yo te gen 30 tan, selon **Sant Nasyonal Pou Prevansyon Vyolans la.**

Prevansyon Tizonnay (kontinyasyon)

Prevansyon tizonnay mache si tout moun konprann bagay yo menm jan. Elèv yo santi yo gen plis sekirite si yo konnen pwofesè yo, paran yo ak kanmarad yo vle travay ansanm pou elimine konpòtman tizonnay. Konsèy sa yo ofri estrateji ki ka ede anpeche tizonnay k ap pase nan lekòl ak kominote nou yo:

Klima Lekòl la: Li enpòtan pou ou konnen ak kiyès ou an afè parapò ak kantite fwa y ap fè tizonnay la ak kijan li grav. Lekòl yo ka mennen ankèt ak elèv yo pou konnen ki kote ak ki lè tizonnay la fèt. Èske yo santi yo an sekirite pou di granmoun yo sa ki te rive? Kijan yo santi yo anvwè elèv ki pote plent yo? Kisa yo konsidere kòm konpòtman ki akseptab oswa ki pa akseptab? Èske yo santi yo an sekirite nan anviwònman lekòl yo? Ki jan yo santi yo anvwè lòt elèv diferan gwoup etnik, oryantasyon seksyèl, oswa sosyo-ekonomik ak kiltirèl? Yo ta dwe mennen ankèt ak paran ak edikatè yo tou pou konnen kisa yo panse sou bagay sa yo tou. Sa pral ede idantifye nenpòt bagay ki pouse yon moun pou tizonnen lòt moun.

Twa (3) Nivo Patenarya: Delvope yon komite “Lekòl ki Renmen Lafanmi” ak elèv, paran, ak edikatè yo. Pou kòmanse kreye yon Kontra pou Prevansyon Tizonnay. Elèv, paran, ak edikatè yo ap siyen kontra sa a. Li di yo dakò tizonnay se yon bagay ki entèdi epi yo pa pral patisipe oswa pèmèt okenn kalite tizonnay. Epi tou li di yo dakò pou pote plent pou nenpòt endisan tizonnay. Yo tout dakò pou respekte ak kore règ lekòl la pou prevansyon tizonnay.

Ranfòse règ lekòl ak règleman sou tizonnay: Pa gen okenn moun ki pral pran prevansyon tizonnay seryezman si yo trete règ yo tankou yon bagay pou tcheke sou yon lis epi yo pa aplike oswa mansyone li ankò. Asire w timoun, paran, ak fakilte lekòl la konprann prevansyon tizonnay enpòtan menm jan ak prezans, epi yo pral kontwole li egilyèman.

Prevansyon Tizonnay (kontinyasyon)

Fòmasyon ak Pwogram Akademik: Idantifye resous ajans ki disponib pou lekòl yo ak fanmi yo, tankou Sant Fòmasyon ak Enfòmasyon Paran yo, oswa lòt ajans ki pral bay fòmasyon bay pwofesè, paran, ak el yo sou prevansyon tizonnay. Asire w fòmasyon sa yo fèt chak ane.

Fason pou pwoteje pitit ou kont tizonnay – Ou pa ak pitit ou tout lajounen, men ou ka asire pitit ou konnen kisa pou li fè si yon moun ap tizonnen li, oswa sa pou li fè si li gen risk pou yo tizonnen li:

1. Pale ak li sou tizonnay bonè – timoun te di yo sonje yo t ap tizonnen yo depi yo te gen nenpòt katran. Eksplike kisa tizonnay ye epi mande si gen moun ki te tizonnen yo oswa si yo te tizonnen lòt moun.


2. Chèche konnen pitit ou ak zanmi li yo – li enpòtan pou w ankouraje pitit ou pou li gen zanmi. Pafwa timoun yo pa toujou fè bon chwa zanmi. Kòm paran ou ta dwe konnen ki moun ki zanmi yo ak ki aktivite yo renmen patisipe. Tout moun konnen timoun yo aji diferan nan diferan anviwònman. Veye konpòtman ak aksyon pitit ou lè li kote lòt timoun. Èske li oswa li renmen agrese ak kontwole moun, oswa èske li timid epi li kite moun fè sa yo vle ak li.

3. Patisipe nan lekòl la - timoun ki gen paran ki aktif nan lekòl la gen mwens chans pou yo viktim tizonnay (sitou si paran yo se manm ki rele lòt paran yo). Aprann sou règ lekòl la epi rantre nan komite PTA ak / oswa komite paran yo pou diskite, revize ak mete ajou règ prevansyon tizonnay yo.

4. Montre yo kijan pou yo defann tèt yo – ou ka ede pitit ou gen plis konfyans nan tèt li lè li ka kite yon move sitiyasyon ak tèt li byen wo. Pou fè sa li istwa oswa fè rechèch sou tizonnay ansanm. Plis pitit ou enfòm, plis l ap konprann sitiyasyon an. Ou ka eseye jwe diferan senaryo lakay la sou fason pou jere yon moun k ap tizonnen lòt tou.

5. Siveye fason l ap itilize entènèt ak telefòn – jounen jodiya timoun gen plis aksè nan teknoloji pase avan. Sa fè li pi fasil pou tizonnen timoun sou entènèt. Nou ka pa remake tizonnay sou entènèt si nou p ap peye. Yo p ap pa tizonnen pitit ou sou entènèt la si li pa gen yon prezans sou entènèt la. Swiv sit pitit ou vizite yo, ansanm ak mesaj tèks ak aplikasyon yo telechaje sou telefòn yo, si yo gen youn.


Bagay pi enpòtan pou tout granmoun yo fè se pou yo mete tèt yo disponib lè timoun yo vin kote yo pou mande èd. Pitit nou yo dwe konnen yo ka vin kote granmoun yo fè konfyans yo lè yo santi yo gen pwoblèm epi yo bezwen èd. Epitou nou bezwen koute ak veye siy tizonnay menm si se pa evidan. Tout timoun merite dwa pou yo rete yo menm ak pou yo alèz ak kiyès yo ye. Yo dwe santi yo san danje nan tout anviwònman yo, kit se lakay la, nan lekòl la oswa nan kominote a. Nou dwe travay ansanm pou anseye timoun yo pou yo pa mete etikèt oswa jije lòt moun selon aparans, rad, gwoup etnik, kapasite pou aprann, andikap, oswa lòt diferans. Tout timoun diferan. Timoun yo dwe aprann apresye divèsite ak apresye moun pou kiyès yo ye.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Alachua, Baker, Bay, Bradford, Calhoun, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Escambia, Flagler, Franklin, Gadsden, Gilchrist, Gulf, Hamilton, Holmes Jackson, Jefferson, Lafayette, Leon, Levy, Liberty, Madison, Marion, Nassau, Okaloosa, Putnam, Santa Rosa, St. John's, Suwannee, Taylor, Union, Volusia, Wakulla, Walton, ak Washington.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Brevard, Citrus, De Soto, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lake, Manatee, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota, Seminole, St. Lucie, ak Sumter.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Broward, Charlotte, Collier, Glades, Hendry, Lee, Martin, Miami-Dade, Monroe, ak Palm Beach.

Pwogram POPIN-PSN-PEN sa yo ede garanti paran timoun ki gen diferan andikap jwenn fòmasyon ak enfòmasyon yo bezwen pou prepare timoun yo non sèlman pou lekòl, men yo ka viv yon vi pwodiktif ak otonòm nan mezi li posib.

Rezo Fanmi Sou Andikap ap lite pou moun ak andikap yo patisipe menm jan ak tout moun nan yon sosyete san baryè.



Sa yo ki nan materyèl nou yo te devlope grasa yon bous Depatman Edikasyon Etazini te bay, #H328M150043, #H328M150042 ak #H328M150041. Men, sa yo ki ladan an pa nesèsman reprezante regleman Depatman Edikasyon Etazini, epi ou pa ta dwa sipoze Gouvènman Federal la andòse yo.

Responsab Pwojè a: Greg Knollman.

© 2017 Family Network on Disabilities of Florida, Inc.